# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–28 जून 2024 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ बालू अउर मोरंग के जगहि पर मैन्युफेक्चर्ड सैंड के प्रोत्साहित कइले पर जोर दिहले हवें। उहां के कहलीं कि राज्य सरकार जल्दिये मैन्युफेक्चर्ड सैंड नीति लागू करे जा रहलि हौ, जेहसे प्राकृतिक बालू अउर मोरंग के जगहि पर एगो नया बिकल्प क उपलब्धता सुनिस्चित हो सकी। आजु लखनऊ में खनन विभाग के साथे प्रस्तावित नीति पर बिमर्स करत मुख्यमंत्री कहलें कि पर्यावरण अउर नदियन के ईको सिस्टम के बिना नोकसान पहुंचवले सतत् विकास के गति दीहल जाये के चाही। एके देखत मैन्युफेक्चर्ड सैंड एगो बढ़िया जरिया हवे। उहां के कहलीं कि मैन्युफेक्चर्ड सैंड क गुणवत्ता मानकन के बनावल रक्खल बहुते जरूरी हौ, काहें से कि एहमें जिनगी अउर सुरक्षा सामिल हवे। उहां के ईहो सुनिस्चित कइले क निरदेस दिहलीं कि सज्जो मैन्युफेक्चर्ड सैंड निरमाता अपने उत्पाद बदे बीआईएस प्रमाणीकरण अनिवार्य रूप से लें। उहां के कहलीं कि खनन विभाग येह कार में नोडल विभाग क भूमिका निभाई। ऊ मैन्युफेक्चर्ड सैंड के जल्दी उत्पादन बदे राज्य अउर जिला स्तर पर अनुज्ञप्ति धारकन अउर हितधारकन से तालमेल बइठाई। उहां के येह कार में पर्यावरण मानकन क कड़ाई से पालन कइले क निरदेसो दिहलीं।

मुख्यमंत्री निरदेस दिहलें कि उप खनिजन के लेआवे अउर लेजाये वाले वाहनन क रीयल टाइम ट्रेकिंग बदे व्हिकल ट्रैकिंग सिस्टम क इस्तेमाल कइल जाव। मुख्यमंत्री येह दौरान ईंटा–भट्ठा लगावे बदे उर्वर जमीनि के जगहि पर बंजर जमीनि क इस्तेमाल कइले क निरदेस दिहलें। उहां के अधिकारियन से कहलीं कि ऊ एकरे बदे उद्यमी लोगिन से बतियावें। श्री योगी बरसात के मौसम में बालू अउर मोरंग के दाम के काबू में रखले पर जोर देत ओकरे भण्डारण क व्यवस्थो सुनिस्चित कइले क समीक्षो कइलें।

**********

राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी–एनटीए में सुधार क सिफारिस बदे सिक्षा मंत्रालय की ओरि से बनावल गइल बिसेसज्ञन क उच्चस्तरीय समिति छात्रन अउर अभिभावकन से सुधार अउर पुनर्गठन पर सुझाव मंगले हवे। समिति क अगुवाई इसरो क पूर्व अध्यक्ष डॉक्टर के. राधाकृष्णन कइ रहल हवें। समिति माई जीओवी वेबसाइट के जरिया से सात जुलाई ले सुझाव अउर प्रतिक्रिया स्वीकार करी। समिति के दुइ महिन्ना के भित्तर सिक्षा मंत्रालय के आपन रिपोर्ट सउंपे बदे कहल गइल हौ, जेहमें परीक्षा क प्रक्रिया अउर डाटा सुरक्षा प्रणाली में सुधार आ एनटीए क संरचना अउर कार्यसैली पर सिफारिस कइल जाई।

**********

उत्तर प्रदेस पुलिस क महानिदेसक कहलें कि नया आपराधिक कानून ब्रिटिश काल से चलत आ रहल कानूनन क जगहि लेई, जेहसे देसक न्याय प्रक्रिया अउरियो मजबूत बनी। नया कानून एक जुलाई से लागू होई, एकरे बदे प्रदेस में सज्जो तइयारी पूरा कइ लिहल गइल हौ। श्री कुमार कहलें कि प्रदेस में नया कानूनन क सही तरीका से अनुपालन हो सके, एकरे बदे अधिकारियन क ट्रेनिंग सौ फीसदी पूरा कइ लिहल गइल हौ।

**********

गरमी के छुट्टी के बाद परिषदीय स्कूल आजु से खोलि दीहल गइल हौ। पहिला दिन्ने स्कूलन में आवे वाले विद्यार्थियन क सिक्षक लोगि तिलक लगा के अउर माला पहिरा के स्वागत कइलें। कुछु स्कूलन में सांस्कृतिक आयोजनो कइल गइल। सासन के निरदेस पर सज्जो स्कूलन में विद्यार्थी लोगिन क स्वागत क खास तइयारी कइल गइल रहे। स्कूलन के रंगोली, झंडियन अउर गुब्बारा से सजावल गइल रहे। सासन आजु अउर बिहने दुइये घंटा स्कूल चलवले क फैसिला कइले हौ। एक जुलाई से नियमित स्कूल चली।

**********

राष्ट्रीय मानवाधिकार आयोग–एनएचआरसी ग्रेटर नोएडा में एगो सीवेज उपचार संयंत्र के भित्तर तीनि गो मजुरहन क कथित मउति पर उत्तर प्रदेश सरकार के नोटिस जारी कइले हवे। मीडिया क एगो खबरि पर खुदे संज्ञान लेत आयोग उत्तर प्रदेस के मुख्य सचिव अउर पुलिस महानिदेसक के एक हप्ता के भित्तर पुरहर रिपोर्ट देवे के कहले हवे।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आवे वाला अत्तवार यानी तीस जून के भिन्नहीं इग्यारह बजे आकाशवाणी से मन की बात कार्यक्रम में देस अउर बिदेस में लोगिन के साथे आपन बिचार साझा करिहें। ई येह रेडियो कार्यक्रम क एक सौ इग्यारहवीं कड़ी होई।

**********

सुल्तानपुर में काल्हि देर संझा गोमती नदी में नहात क चारि लइके डूबि गइलें। एहमें से एगो लइका के जुरते बचा लिहल गइल, बाकी तीनि लइकन के नाहीं बचावल जा सकल। येह तीनि लइकन क सव स्थानीय गोताखोरन के मददि से एसडीआरएफ क टीमि आजु नदी से बहरे निकरलसि। तिन्नो सवन के पुलिस पोस्टमार्टम खातिर भेजि दिहले हवे।

**********

प्रदेस में मानसून पुरहर तरीका से सक्रिय हो गइल हौ। जियादेतर जिलन में रूकि–रूकि के बरखा भइले से लोगिन के भीसण गरमी से राहति मिलल हौ। ढेरि जिलन में अबहिनों बादर छवले हवे अउर बरखा क सम्भावना बनल हौ। मौसम विभाग के हिसाबि से अगिला दुइ से तीनि दिन ले बादर छवले अउर रूकि–रूकि के बरखा भइले क पूर्वानुमान हौ।

**********